# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीण में लाभार्थियन क चुने बदे दस जनौरी से पहिले ऑनलाइन सर्वे सुरू करावे क तइयारी हौ। एकरे बदे सासन आवास प्लस एप्पों लांच कइले हवे। योजना में लाभार्थियन के पात्रता में सरकार बड़ा बदलाव कइले हवे। योजना क लाभ जियादे से जियादे जरूरतिमंद लोगिन के मिलि सके एकरे खातिर पात्रता के मानकन में कइ गो बदलाव कइल गइल हवे। ग्रामीण इलाकन में अब पनरह हजार रूपिया महिन्ना ले क आय वाला आवेदको आवास बदे पात्र होइ। पहिले दस हजार रूपिया से बेसी महिन्ना क आय बाईक, मोबाईल, चाहे फ्रिज रख्खे वाला अभ्यर्थी के अपात्र मानल जात रहे। अब ई सुविधा पावे वाला आवेदकों पात्र हाई।

**********

मिल्कीपुर विधानसभा उपचुनाव के लेके आजु अजोध्या पहुंचल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पार्टी पदाधिकारियन, कारकर्ता लोगि अउर ग्राम प्रधानन के साथे नरेन्द्रदेव कृषि अउर प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय के सभागार में बइठकी कई के जीति क रणनीति बनउलें। येह दौरान प्रदेस के सात गो मंत्री स्वतंत्र देव सिंह, सूर्य प्रताप शाही, गिरीश यादव, मयंकेश्वर शरण सिंह, दयाशंकर मिश्र, सतीश मिश्रा अउर जेपीएस राठौरो मौजूद रहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि व्यवस्थित अउर समर्पित कार्ययोजना हमनी के जीत दिलाई। उहां के विधानसभा क्षेत्र के अलगि–अलगि हिस्सा में बाट के लगतारे समीक्षा कइले के सथहीं मतदाता लोगिन से संपर्क रखले क निरदेस दिहलीं। जिले क प्रभारी मंत्री सूर्य प्रताप शाही कहलें कि हमरी डबल इंजन क सरकार जन कल्याण, ग्रामीण विकास, नारी ससक्तिकरण अउर नौजवानन बदे विकास कार कई रहल हवे।

***देश में आदरणीय प्रधानमंत्री मोदी जी की और उत्तर प्रदेश में योगी जी की सरकार, दोनो सरकारों जन कल्याण के लिए ग्रामीण क्षेत्रों के विकास के लिए, किसानों के उत्थान के लिए, महिलाओं के सम्मान के लिए और नौजवानों को उनको रोजगार उपलबध हो सके इस खुशी से विशेष प्रयास किये हैं और उन प्रयासों का परिणाम आज सर्वत्तर दिखाई देता है।***

**********

बनारस में बुजुरगन अउर असहाय लोगिन के स्वास्थ्य सुविधा पहुंचावे खातिर आजु से मोबाइल मेडिकल यूनिट प्रोग्राम वैन क संचालन सुरू कइल गइल हौ। बनारस के जिलाधिकारी एस राजलिंगम वैन के झंडी देखा के रवाना कइलें। उहां के बतउलीं कि ई वैन बुजुरग अउर असाहाय लोगिन के दरवाजे ले मुफ्त ओपीडी सुविधा, डाक्टरी सलाह, दवाई अउर जरूरी जांच जइसन सुविधा उपलब्ध कराई।

**********

बनारस क ज्ञानवापी मामिला में आजु जिला जज क अदालति में प्रकरण से जुड़ल सज्जों मामिला के एक्के अदालत में सुनले क कारवाई पर न्यायालय अट्ठारह जनौरी क तारिख तय कइले हवे। वादी पक्ष क अधिवक्ता मदन मोहन शर्मा बतउलें की वादी पक्ष के ओरि से सुप्रीम कोर्ट में येह बेरि प्रार्थनापत्र दिहल गइल हौ कि बनारस के अदालति में चलि रहल सज्जों मोकदिमा के समेकित कइ के उसे होईकोर्ट में ट्रायल के तौर पर चलावल जाव। येह प्रकरण में आजु जिला जज मामिला में पक्षकार बने वाले लोगिन के अगिला सुनवाई के तारिख ले ई बतावे के कहले हवे कि कउने आधार पर उनके मामिला में पार्टी बनावल जाव।

**********

प्रदेस सरकार कइ गो जिला में दुइ सौ सैंतालीस लघु सेतुअन क बनउलें बदे दुइ सौ छिहत्तर करोड़ अट्ठासी लाख रूपिया जारी कइले हवे। ई धनरासि से लोक निर्माण विकाग कइ गो जिला में अलगि–अलगि श्रेणी क राहि पर नया सेतू बनाई।

**********

आंगनबाड़ी में पढ़े वाले लइकन खातिर अब स्कूली विद्यार्थीयन के जइसन ऑटोमेटेड परमानेंट एकेडमिक एकाउंट रजिस्ट्री यानी अपार पहचान पत्र तइयार कइल जाइ। सिक्षा मंत्रालय महिला बाल विकास मंत्रालय के सहयोग येह दिसा में कोसिस तेज कइ दिहले हवे।

**********

लखनऊ क के.डी.सिंह बाबू स्टेडियम में खेलल जा रहल हैंडबाल अंतरराष्ट्रीय चैंम्पियनशिप प्रतियोगिता आईएचएफ ट्रॉफी में आजु यूथ कैटेगिरी में उज्बेकिस्तान कजाकिस्तान के हरा दिहलसि। उज्बेकिस्तान तिरालिस गोल कइलसि जबकि कजाकिस्तान क टीम खाली चउतिसे गोल कइ पउलसि। दोपहरिया बाद जूनियर वर्ग में उज्बेकिस्तान अउर बांग्लादेस के टीमि के बिच्चे मोकाबिला सुरू भइल।

**********

उत्तर प्रदेस क स्टाम्प अउर न्यायालय पंजीयन शुल्क राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवाल आजु बनारस के उदय प्रताप कॉलेज क खेल मैदान में आयोजित भइल तैंतीसवां उत्तर प्रदेस मास्टर्स एथलेटिक्स चैम्पियनशिप प्रतियोगिता क सुभारंभ कइले। येह प्रतियोगिता में तीस बरिस के उमिरि से ले के सौ बरिस क उमिरि ले लोगि हिस्सा ले सकेलें। प्रतियोगिता में सत्तानबे बरिस क तिलक राजकपूर गोल्ड मेडल जीतले। येह मौका पर श्री जायसवाल कहलें कि एथलेटिक्स एगो अइसन खेल हौ जेह में रनिंग, जम्पिंग अउर थ्रोइंग जइसन कइ गो मोकाबिला हवे।

**********